## New York State 21st Century Community Learning Centers (CCLC)
## Fòm Enskripsyon [Non Pwogram Nan] [Ane Akademik la]

Foto timoun nan (si ou vle)

| | | |
|---|---|---|
| Non Konplè Elèv la:<br>Non Prefere: | Dat li fèt: | Sèks: |
| Adrès Kay Elèv la: | | |
| Telefòn Kay la: | Ki lang Nou Pale Lakay Nou: | |
| Ras/Gwoup Etnik: □ Endyen Ameriken/Natifnatal Alaska □ Nwa oswa Ameriken Nwa<br>□ Panyòl oswa Latino □ Azyatik □ Blan □ Natifnatal Awayi/Zile Pasifik □ De (2) oswa plizyè ras<br>□ Lòt ___________________ | | |
| Nimewo Idantite Elèv la *(se pwogram nan ki dwe ranpli l)*: □ Idantifikasyon NYSED<br>□ Idantifikasyon Distri | Prezans nan Lekòl la: | Klas: |
| Pwofesè Prensipal Elèv la (Obligatwa pou Elèv ki nan Klas 1e rive 5yèm ane sèlman) Endike NA si sa pa aplikab[ | | |
| Non Moun k ap Enskri Elèv la: | Relasyon ak Elèv la:<br>□ Paran □ Responsab Legal □ Moun k ap bay swen □ Fanmi<br>□ Lòt________ | |
| Adrès Moun k ap Enskri Elèv la (*si li diferan de pa elèv la*): | | |
| Nimewo Telefòn Moun k ap Enskri Elèv la:<br>Imèl: | | |

| **Non Moun pou Nou Kontakte si Genyen yon Ijans** | **Otorize pou vin Chèche l** | **Nimewo Telefòn Prensipal** | **Lòt Nimewo Telefòn/Imèl** |
|---|---|---|---|
| **Kontak Prensipal:** | □ Wi □ Non | | |
| **Kontak Prensipal:** | □ Wi □ Non | | |
| **Kontak Segondè:** | □ Wi □ Non | | |

## Liberasyon Elèv la lè Lekòl Lage

| | | |
|---|---|---|
| Mwen bay pitit mwen pèmisyon pou l ale pou kont li lè lekòl lage: □ Wi □ Non | | |
| Si se non, mwen oswa youn nan moun sa yo ap vin chèche pitit mwen an apre lekòl: | | |
| Non: | Telefòn: | Relasyon ak Elèv la: |
| Non: | Telefòn: | Relasyon ak Elèv la: |

Moun sa yo PA KAPAB vin chèche pitit mwen an:

| | |
|---|---|
| Non: | Relasyon ak Elèv la: |
| Non: | Relasyon ak Elèv la: |
| Non: | Relasyon ak Elèv la: |

## Liberasyon Elèv la Lè Gen Ijans Medikal

Si mwen pa disponib lè gen yon ijans, yo ka remèt pitit mwen an bay youn nan moun sa yo:

| | | |
|---|---|---|
| Non: | Telefòn: | Relasyon ak Elèv la: |
| Non: | Telefòn: | Relasyon ak Elèv la: |

## Enfòmasyon sou Sante Elèv la

*Tout enfòmasyon yo konfidansyèl epi anplwaye pwogram nan itilize yo pou yo ka asire sekirite elèv yo.*

Èske pitit ou a gen nenpòt nan bagay sa yo?

| | | |
|---|---|---|
| **Alèji** | □ Wi □ Non | Si se wi, fè yon lis ki gen tout bagay timoun nan fè alèji avèk yo:<br><br>Si se wi, èske pitit ou a bezwen/itilize yon EpiPen? □ Wi* □ Non |
| **Opresyon** | □ Wi □ Non | Si se wi, èske pitit ou a sèvi ak yon inalatè oswa lòt medikaman pou opresyon li an?<br>□ Wi* □ Non |
| **Dyabèt** | □ Wi □ Non | Si se wi, èske pitit ou a bezwen medikaman oswa siveyans glikoz nan san?<br>□ Wi* □ Non<br>Si se wi, èske pitit ou a gen yon preskripsyon pou glucagon? □ Wi* □ Non |
| **Twoub Kriz Epilepsi** | □ Wi □ Non | Si se wi, èske pitit ou a bezwen medikaman pou anpeche oswa trete kriz?<br>□ Wi* □ Non |
| **Pwoblèm pou Wè** | □ Wi □ Non | Si se wi, epi pitit ou a bezwen èd nan lekòl la, sof pou l ka mete linèt oswa vèdekontak, tanpri dekri: |
| **Pwoblèm pou Tande** | □ Wi □ Non | Si se wi, epi pitit ou a bezwen èd nan lekòl la, sof pou l ka mete yon aparèy pou tande, tanpri dekri: |
| **Limit fizik** | □ Wi □ Non | Èske pitit ou a kapab patisipe nan kou edikasyon fizik nan lekòl la san okenn limit?<br>□ Wi □ Non<br>Si se non, tanpri fè lis aktivite li pa ka fè yo: |
| **Lòt Medikaman** | □ Wi* □ Non | Si se wi, tanpri fè yon lis: |

Èske pitit ou a bezwen yon rejim espesyal, gen lòt bezwen sante, oswa bezwen konpòtman/bezwen emosyonèl?
Si se wi, tanpri dekri:

**Tanpri sonje ke nou bezwen konsantman paran/responsab legal ak òdonans pwofesyonèl swen sante elèv la alekri pou medikaman yo pran oswa yo administre nan pwogram nan. Tanpri verifye avèk direktè pwogram/kowòdonatè sit la pou plis detay.*

## Akò

Mwen bay pitit mwen an pèmisyon pou l enskri epi patisipe nan pwogram 21st CCLC □ Wi □ Non

Mwen konprann ke akò ak konsantman sa yo **se pa kondisyon davans pou apwobasyon** pou patisipe nan pwogram 21st CCLC.
□ Wi □ Non

Mwen dakò pou pitit mwen an resevwa tretman medikal ijans □ Wi □ Non

Mwen dakò pou pitit mwen an patisipe nan entèvyou, itilize sitasyon epi patisipe nan seyans foto, sinema, oswa kasèt videyo [Non Pwogram Nan] ap òganize. Mwen bay [Non Pwogram Nan] dwa tou pou l modifye, itilize ak reyitilize pwodui sa yo pou rezon ki pa gen pwofi, pa egzanp yo ka enprime yo, pibliye yo sou entènèt ak tout lòt fòm medya yo. Mwen libere tou [Non Pwogram Nan] ansanm ak ajan ak anplwaye li yo de tout reklamasyon, demann ak responsablite pou kèlkeswa sa ki anrapò ak sa ki endike anwo a. □ Wi □ Non

Mwen dakò pou pitit mwen an patisipe nan pwomnad, lwen sit pwogram nan, anba sipèvizyon. □ Wi □ Non

Mwen konprann pwogram nan ka bezwen pèmisyon adisyonèl pou sitiyasyon tankou transpò, medikaman, divilgasyon enfòmasyon ak pwomnad. □ Wi □ Non

Mwen te bay pwogram nan enfòmasyon sou bezwen espesyal pitit mwen an pou yo ka ede pitit mwen an ret an sekirite. □ Wi □ Non

Mwen konprann ke lekòl pitit mwen an enskri a ap pataje enfòmasyon konsènan bezwen espesyal aprantisaj pitit mwen genyen yo ak anplwaye pwogram 21st CCLC yo sou yon baz sa yo dwe konnen pou benefis edikasyon pitit mwen an □ Wi □ Non

Mwen dakò pou m revize epi mete ajou enfòmasyon sa yo chak fwa yon chanjman fèt e omwen yon fwa chak ane. □ Wi □ Non

Mwen dakò pou m pale ak anplwaye pwogram nan sou pwogrè pitit mwen an ak patisipasyon l nan pwogram 21st CCLC. □ Wi □ Non

Si nenpòt ki lè mwen chanje lide sou patisipasyon pitit mwen an nan (youn oswa tout aspè yo), m ap kontakte kowòdonatè sit la.
□ Wi □ Non

## Egzijans Konsènan Done Elèv yo ak Konsantman pou Fè Sondaj/Entèvyou

*Mwen konprann ke pwogram nan pral pataje enfòmasyon akademik, konpòtman, prezans ak angajman pitit mwen an ak Depatman Edikasyon Eta New York ak kontraktè legal li yo, pou yo mezire ak evalye kalite ak aplikasyon 21st Century Community Learning Center (21st CCLC) lokal la ansanm ak efikasite pwogram Eta Nouyòk la pou sipòte kwasans elèv yo, jan Tit IV, Pati B, Lwa pou Chak Elèv Reyisi (Every Student Succeeds Act, ESSA) egzije sa. [gade jeneralman seksyon 4205 (b) ak 4203 (14)].*

*Mwen konprann yo ka mande pitit mwen avè m pou nou patisipe nan sondaj ak/oswa entèvyou sou pwogram 21st CCLC la ak efè li yo. Tcheke kare sa a sèlman si w vle anile enskripsyon w lan ak si w pa vle patisipe nan sondaj ak/oswa entèvyou.* □

Lè m siyen anba a, mwen sètifye tout enfòmasyon sa yo se verite epi yo egzat selon tout sa mwen konnen.

| ___________________________ | ___________________________ | __________ |
|---|---|---|
| Non Paran/Moun ki an relasyon/Responsab Legal: | Siyati Paran/Moun ki an relasyon/Responsab Legal | Dat yo siyen an |